

WE ARE YOUR DOL



SALE MINIMÒM POU TRAVAYÈ A POUBWA

31 Desanm 2021 jiska 30 Desanm 2022

Soti 31 Desanm 2021 jiska 30 Desanm 2022, salè minimòm èdtan ke patwon yo dwe peye pou travayè a poubwa yo montre anba a.

ENDISTRI OSPITALITE

| | Vil Nouyòk | Konte Long Island ak Westchester | Rès Eta Nouyòk? |
|---------------------------|-------------------------|----------------------------------|-------------------------|
| Anplwaye Sèvis | 12,50\$ Salè Lajan Cash | 12,50\$ Salè Lajan Cash | 11,00\$ Salè Lajan Cash |
| | 2,50\$ Kredi Poubwa | 2,50\$ Kredi Poubwa | 2,20\$ Kredi Poubwa |
| Travay Sèvis Tretè | 10,00\$ Salè Lajan Cash | 10,00\$ Salè Lajan Cash | 8,80\$ Salè Lajan Cash |
| | 5,00\$ Kredi Poubwa | 5,00\$ Kredi Poubwa | 4,40\$ Kredi Poubwa |

* Pou plis enfòmasyon sou salè minimòm estanda nan sa yo ak lòt endistri yo: <https://dol.ny.gov/minimum-wage-0>

KONBINE SALÈ LAJAN KACH AK KREDI POUBWA POU SATISFÈ SALÈ MINIMÒM LAN

Lwa Eta Nouyòk pèmèt anplwayè yo nan tout endistri ot ke pase sèvis bilding pou satisfè salè minimòm lan lè yo konbine yon "salè lajan kach" ke patwon an peye avèk yon kredi oswa alokasyon pou poubwa anplwaye a resevwa nan men kliyan yo. Pa egzanp, salè minimòm pou travayè nan Vil Nouyòk se 15.00\$ pa èdtan. Anplwayè yo ka satisfè salè minimòm lan si yo konbine yon salè lajan kach omwen 10.00\$ ak yon alokasyon pou poubwa ki pa plis pase 5.00\$ pa èdtan.

LIMIT SOU KREDI POUBWA NAN ENDISTRI A OSPITALITE

Anplwayè nan endistri Ospitalite ka pa pran kredi pwent pou:

- Jou lè travayè a poubwa yo pase plis pase ke de zèdtan, oswa ven pousan nan yon shift, ap fè travay ki pa bay poubwa
- Semèn lè anplwaye sèvis yo resevwa poubwa mwayèn mwens pou chak èdtan pase sa yo:

POUBWA MWAYÈN POU CHAK ÈDTAN

| | Vil Nouyòk | Konte Long Island ak Westchester | Rès Eta Nouyòk? |
|---|------------|----------------------------------|-----------------|
| Nan otèl resort | 8,40\$ | 8,40\$ | 7,40\$ |
| Nan restoran ak nan otèl pandan tout ane a | 3,25\$ | 3,25\$ | 2,85\$ |

LIMIT SOU KREDI POU BWA NAN ENDISTRI OSPITALITE

Pa gen kredi pou bwa ki disponib nan endistri sèvis bilding lan.

Kredi pou bwa pa disponib lè pou bwa mwayèn chak semèn yo mwens pase kantite minimòm ki espesifye pou kote a ak gwo sè anplwayè an.

Tanpri Sonje: Depi 31 Desanm 2020, alokasyon pou bwa pa pral pèmèt nan endistri divès (tout lòt endistri eksepte Ospitalite, travayè agrikòl, ak sèvis bilding). Patwon yo pa gen dwa kenbe oswa konsève okenn pòsyon nan yon pou bwa ke yon anplwaye resevwa.

LÈ SIPLEMANTE

Pou travayè a pou bwa yo, patwon yo dwe peye lè siplemantè yo te travay pou èdtan edmi a salè minimòm, mwens kredi pou bwa aplikab la.

POU PLIS ENFÒMASYON

Si ou bezwen asistans adisyonèl, oswa si ou vle pote yon plent, tanpri rele **1-888-4NYSDOL (1-888-469-7365)** oswa vizite www.labor.ny.gov/minimumwage.